

KOMITE LEKÒL NAN VIL BOSTON



MEMORANDÒM

A: Jeri Robinson, Prezidan Komite Lekòl Boston nan
Soti: Pam Eddinger, Koprezidan Komite Rechèch Sirentandan
Lorena Lopera, Koprezidan Komite Rechèch Sirentandan
Marcus McNeill, Koprezidan Komite Rechèch Sirentandan
Sijè: Finalis pou Sirentandan Lekòl yo
Dat: 21 Jen 2022

Objektif:

Nòt sa rezime kalandriye angajman ak pwosesis rechèch la, dekri pwosesis entèvyou Komite Rechèch Sirentandan te swiv, epi idantifye finalis ki rekòmande Komite Rechèch la soumèt pou yon entèvyou piblik pa Komite Lekòl Boston nan.

Kwonoloji ak Pwosesis Rechèch:

Pwosesis rechèch Sirentandan te kòmanse nan Mas, lè Komite Rechèch nèf manm nan te lanse yon seri seyans ekout piblik avèk entèvenan kominote a. Kòmantè kominote yo ke elèv yo, fanmi yo, edikatè yo ak lòt patnè Vil yo te eksprime, te entegre nan deskripsyon pòs Sirentandan an epi te bay enfòmasyon sou kesyon entèvyou avèk manm Komite Rechèch la. Kòmmanse avèk yon gwoup 34 kandida, Komite Rechèch la te mennen divès entèvyou prive pandan tout Me a ak mwa Jen an.

- **Kominike Fim Rechèch RFP:** Nan dat 23 Fevriye, Vil Boston te kominike yon [Demann pou divès Pwopozisyon \(RFP\)](#) pou yon fim rechèch kondwi rechèch la pou pwochè Sirentandan Lekòl yo.
- **Idantifikasyon Komite Rechèch la:** Nan dat 2 Mas la, Komite Lekòl la te vote sou konpozisyon ak responsabilite yon Komite Rechèch nèf moun. Manm yo gen ladan yo:
 - Pam Eddinger, Prezidan Bunker Hill Community College (BHCC), Koprezidan Komite Rechèch
 - Lorena Lopera, manm komite Lekòl Boston ak paran BPS, Koprezidan Komite Rechèch la
 - Marcus McNeill, Elèv Fenway High School ak Lidè Jenès, Koprezidan Komite Rechèch
 - Roxi Harvey, Prezidan Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal (SpEdPAC) nan Boston
 - Michael O'Neill, Vis Prezidan Komite Lekòl Boston

Nòt Koprezidan Komite Rechèch Sirentandan pou Prezidan Komite Lekòl Boston nan:

Konsènan: Finalis pou Sirentandan Lekòl yo

Madi 21 Jen 2022

- Carline Pignato, Direktè nan William E. Channing Elementary
- Gene Roundtree, Sirentandan Lekòl Segondè BPS
- Jessica Tang, Prezidan Sendika Pwofesè Boston
- José Valenzuela, Pwofesè Istwa nan Boston Latin Academy ak paran BPS

Komite Rechèch la te kondwi premye reyinyon li 7 Mas epi te rankontre regilyèman apre sa.

- **Seyans Ekout Piblik yo:** Pandan tout prentan, Komite Rechèch la te òganize yon seri seyans ekout militèng, epi te mande manm kominote yo pou reflechi sou kesyon swivan yo:
 - 1) Ki twa kalite oswa eksperyans ki pi enpòtan Sirentandan nou an ta dwe genyen?
 - 2) Ki kesyon ou ta renmen kandida reponn?
 - 3) Kijan pwochen Sirentandan ka kolabore avèk kominote a pou l reyisi?

Uit seyans te òganize nan dat ki vini an apre yo: 9 Mas 2022; 15 Mas 2022 (espanyòl); 24 Mas 2022 (Elèv konsantre); 2 Avril 2022; 2 Me 2022 (kreyòl kapvèdyen); 3 Me 2022 (Vyetnamyen); 4 Me 2022 (Mandaren); ak 16 Me 2022 (Kantonè).

- **Sondaj:** Nan dat 14 Mas, Vil la te pibliye yon [sondaj piblik](#) pou tout manm kominote Lekòl Piblik Boston yo pou pataje pèspektiv yo sou kalite yo swete nan yon sirentandan. Sondaj la te disponib nan 10 lang epi te ouvri soti nan 14 Mas rive 15 Avril. An total, yo te resevwa 507 repons sou sondaj la.
- **Kabinè Rechèch yo chwazi:** Nan dat 6 Avril, Komite Lekòl Boston nan te vote pou atribiye apèl dòf pou yon kabinè rechèch kad nan [JG Consulting](#), jan Komite Evalyasyon Apèl Dòf la rekòmande sa.
- **Piblikasyon Deskripsyon Travay Sirentandan:** Nan dat 6 Avril, Komite Lekòl la te vote pou apwouve Pwofil Lidèchip/Deskripsyon Travay Sirentandan. Plizyè kòmantè kominote a te bay enfòmasyon sou [deskripsyon travay](#) la nan seyans ekout piblik yo ak sondaj piblik la.

Pwosesis Entèvyou:

1. **Seleksyon Kandida yo:** Nan dat 18 Me a, Komite Rechèch la te reyini pou egzamine tout kandida yo epi te detèmine ki kandida pou envite pou yon premye entèvyou. An total, 34 moun te soumèt divès demann pou pòs Sirentandan Lekòl yo.
2. **Iye Pati Entèvyou yo:** Nan kòmansman Jen, Komite Rechèch la te kondwi divès entèvyou inisyal avèk kandida seleksyone yo. Entèvyou sa yo te mennen adistans vya yon reyinyon vityèl. An total, 9 kandida te konplete divès entèvyou inisyal. Chak kandida te reponn menm ansanm kesyon yo, ki te abòde sijè ki vin an apre yo:
 - Operasyonalizasyon Filozofi Lidèchip La
 - Vizyon pou Elimine Eka Opòtinite ak Reyisit yo
 - Ekite Rasyal
 - Sekirite: Sosyal, Emosyonèl, Klima ak Kilti
 - Lidèchip pedagojik ak devlopman pwofesyonèl
 - Pèsonèl/Resous Zimèn ak Relasyon Travay
 - Operasyon: Jesyon Fiskal, Enstalasyon ak Anviwònman

Nòt Koprezidan Komite Rechèch Sirentandan pou Prezidan Komite Lekòl Boston nan:

Konsènan: Finalis pou Sirentandan Lekòl yo

Madi 21 Jen 2022

- Angajman ak Kominikasyon Entèvenan Kominotè yo
 - Gouvènans
3. **2yèm Pati Entèvyou yo:** Nan mi-Jen, Komite Rechèch la te fini entèvyou swivi yo ak evalyasyon tach randman yo. Entèvyou sa yo te fèt an pèsòn. An total, 7 kandida te konplete yon dezyèm pati entèvyou. Yo te poze kandida yo divès kesyon sou baz repons pa yo nan 1ye Pati a menm jan pou yon ansanm kesyon estanda, ki abòde sijè ki vin an apre yo:
- Plan antre pwopoze 100 jou
 - Ekite rasyal
 - Revizyon distri a sou swivi DESE
 - Rezolisyon Konfli
 - Navige nan angajman politik
 - Filozofi Lidèchip ak konstriksyon ekip
4. **Entèvyou ak Piblik la:** Nan kad previzyon ak detèminasyon lis finalis yo, Komite Lekòl Boston nan te deja anonse kalandriye entèvyou piblik la. Finalis ki rete yo pral patisipe nan yon pwosesis entèvyou piblik nan Jedi, 23 Jen ak Vandredi 24 Jen. Kalandriye a pou chak jou se te:
- 10:30am-12:00pm: Patnè Kominotè yo
 - 1:30-3:00pm: Edikatè ak Lidè Lekòl yo
 - 3:30-5:00pm: Elèv ak Fanmi yo
 - 5:30-7:30pm: Entèvyou piblik la avèk Komite Lekòl Boston nan

Entèvyou avèk panèl la pral dewoule adistans vya Zoom, avèk entèpretasyon an dirèk nan nèf lang, ki gen ladan yo ASL, epi manm piblik yo envite pou rejwenn nou. Entèvyou yo pral difize egalman an dirèk sou Boston City TV. Kesyon Panel yo pral rete menm nan pou touletwa jou yo, yo pral founi yo bay kandida yo davans, epi yo pral retire yo alafwa apati de panelis yo ak repons piblik avan yo nan Sondaj Rechèch Sirentandan. Kesyon yo kapab chwazi tou an dirèk apati de fonksyon Q&A nan chak webinè Zoom.

Finalis yo:

Nan dat 17 Jen an, Komite Rechèch la te kondwi deliberasyon final li yo epi te vote pou seleksyone yon gwoup finalis pou konsiderasyon Komite Lekòl Boston nan. De kandida depi lè sa te retire tèt yo nan pwosesis la avan kòmansman entèvyou ak piblik yo. Klase pa lòd alfabetik pa non fanmi, de (2) finalis ki te rete yo se:

- Mary Skipper
- Tommy Welch

Avèk idantifikasyon rekòmandasyon finalis sa yo, responsabilite Komite Rechèch Sirentandan fini, ak lòt eleman ki rete nan rès pwosesis la avèk Komite Lekòl la.